

MATERI CRITA CEKAK SD/MI SEDERAJAT

WEDHUS KENDHIT

Dening: Abdul Aziz Gumilang

Ijo royo-royo, gemah ripah loh jinawi, sempulur kang samya tinandur jumbuh kanggo nggambarake kahanan ing Alas Ketangga, alas kang asri kebak tetuwuhan kang angrenggani. Mula ora mokal menawa ing Alas Ketangga isih akeh kewan-kewan kang tumangkar. Wiwit saka maneka warna manuk, iwen, raja kaya, kalebu kewan kang nggegirisi kaya macan uga isih ana.

Nuju sawijining dina, Kendhit, wedhus sing nduweni werna wulu kang lucu bebarengan karo kanca-kancane lagi luru pangan. Suket gajahan kang dadi panganan karemane Si Kendhit, wus cumepak ing saben papan. Emane Kendhit lan kanca-kancane ora ngerti menawa dheweke lagi ancik-ancik pucuking eri. Si Sardula, macan kang diwedeni saisining alas, ngindhik saka kadohan. Sardula rumangsa luwe jalaran sauntara wektu wurung anggone beburu.

Brabat, sipat angin playune Si Sardula bakal mbrakot Kendhit. Nanging Kendhit ora ilang kawaspadane. Kendhit gegancangan mlayu golek slamet aneng tengahing alas.

"We... Iha blaik, aja mlayu kowe. Entenana aku. Ora suwe maneh bakal takpangan kowe!" kandhane Sardula.

Rumangsa cedhak ing bebaya, Kendhit mlayu kipit mlebu satengahing alas. Satemah Kendhit bisa ngadoh, golek slamet ndhelik aneng jroning guwa.

"Mlayua tekan ngendi wae bakal ketutupan. Hahaha...!" sumbare Sardula.

Kanyata, tipaking sikil Kendhit dadi sarana pambiyantu Sardula kanggo nglacak Kendhit kang ndhelik. Tipaking sikil Kendhit mandheg ana ing sangareping guwa.

"Kelakon mangan enak, turu kepenak iki," kandhane Sardula yakin menawa dheweke bakal sida mangsa Si Kendhit.

Kendhit ndhelik ana ing samburine watu kang ora pati gedhe. Emane buntute kendhit kang kopat-kapit ketok. Swara lakune Sardula dimangerteni dening Kendhit. Kendhit nginjen. Jebul tenan dheweke bakal dimangsa dening Sardula.

"Kelakon mati tenan iki," batine Kendhit.

"Hahaha, arep mlayu nangendi maneh kowe. Wis ta manuta aku ora susah rekasa mlayu. Kene nyedhaka marang aku. Bakal takpangan wutuhan kowe!" sumbare Sardula marang Kendhit.

"Tujokna kowe teka mreng, aku wis kesel golek papan padhelikan, takpasrahake uripku kanggo kowe yen kowe arep Sardula. Nanging apa ya enak, awakku kang mung gari lunglit bakal tokpangan? Kurang begjane balungku sing arep tokemplok malah mung nyocok lambemu," ujare Kendhit.

Sardula meneng, bingung. Tuwuh pitakonan. Kok dumadakan Kendhit pasrah jiwa lan ragane marang dheweke. Ning, ya ana benere. Kahanane Kendhit kuru, yen arep ngalap daginge kok ora sumbut karo rekasane anggone ngoyak. Sardula nyedhaki Kendhit, mlaku ngubengi kendhit lan nyawang kanthi tliti.

"Bener kandhamu. Awak kuru ngene iki mesthi wae ora maregi," wangsulane Sardula.

"Nah, rak tenan. Mbok ya aku ben golek pangan dhisik ana ing alas kene. Culna aku ya!"

"Yen aku ngeculke kowe, ateges aku ora sida mangan enak," Sardula miterang.

"Lho... ya sida mangan enak," wangsulane kendhit nakyinake.

"Mengko yen aku wis lemu, ndaging, mlaku wae mesthi rekasa, apa maneh mlayu. Mesthi bakal gampang kokmangsa ,ta?"

"Iya ya, bener kandhamu. Yen mengkono, kana gek ndang lunga. Mangana sing wareg!"

"Matur nuwun Sardula. Aku takgolek pangan ndhisik," kandhane Kendhit karo mlayu.

"Ya, kono. Bakal takmangsa yen kowe wis wareg!"

"Ngapurane Sardula. Aku bakal mangan sing wareg yen wis adoh seka kowe!" bengoke Kendhit.

"Wadhuh, dadi kowe?"

“Golek slameeet...!” ujare Kendhit karo ngguyu.

Sardula dheleg-dheleg, ngerti menawa dheweke diapusi Kendhit. Sardula rumangsa getun, dene dheweke ora gage mangsa Kendhit nalika wis kasil nyekel ana ing ngarepe. Getun tiba buri, Sardula wurung ora sida mangan enak.

Kapethik saka Buku Antologi Cerkak Kapok Lombok, 2026

MATERI CRITA CEKAK SMP/MTs SEDERAJAT

LUMPANG

Dening: Indriyani Voluntiri Azis

Dhipta paling seneng mancing nèng kali karo kanca-kanané ing dhusuné Simbah. Kanggoné Dhipta bisa sowan dalemé Simbah kena dinggo ngedhemaké pikir saka ruweté urip ing kutha.

Wewayangan dhusuné simbah nganti kegawa impèné Dhipta.

“Kok ngguya-ngguyu dhéwé mbayangaké apa, Dhip?” Pandangané Pak Ranu nglirik saka kaca spion jeron mobil.

“Mbayangaken dolanan wonten lèpèn kaliyan kanca-kanca, Pak,” sumauré Dhipta mèsèm seneng.

“Rak ya wis biasa renang nèng kolam renang, ta?” godhané Bu Ratih.

“Béda niki, Bu. Toya lèpèn langkung alami, seger, lan kanca-kanca wonten ing mrika ngremenaken sanget,” wangsulané Dhipta marang Iboné.

“Mengko nangis menèh ketèmpèlan lintah,” Bu Ratih nggodhani putrané kang naté nangis kekejer amarga ketèmpèlan lintah nalika semana.

“Ibu niku, lho, kok taksih kèmutan. Nika sampun jaman rumiyin, samenika kula sampun tambah ampuh,” ujure Dhipta.

Wanci subuh wis tekan latar dalemé simbah. Simbah seneng banget mirsani anak putuné sowan sawisé kurang luwih rong taun mung bisa komunikasi lumantar HP.

“Wis kana padha lèrèn-lèrèn dhisik. Lik Minah takundangé kon nyepakaké kebutuhan pawon,” ngendikané Simbah saramungé masang sprèi ing kamar. Lik Minah kuwi sing kulina réwang-réwang Simbah Putri, sawisé Mbah Kakung séda.

“Mbah, Budi kaliyan Bandi taksih wonten mriki mboten?” pitakoné Dhipta.

“Lha ya isih. Selak arep golék lintah apa kepiyé?” Simbah gumujeng.

“Ibuk kaliyan Simbah sami mawon,” Dhipta éthok-éthok mrengut.

Bapak, Ibu, lan Simbahé Dhipta padha ngguyu bebarengan mirsani pokalé Dhipta kang semu kisinin diélingaké pengalamané nalika ketèmpèlan lintah.

Dina candhaké, Dhipta tumuju pawon sing keprungu gayengé. Nèng ndhuwur méja katon sega putih kemebul diwadhahi wakul saka anyaman pring, dislèmèki lan ditutupi godhong gedhang. Ambuné nyunduk irung. Tangané Dhipta ngulur arep muluk.

“Selak ngelih apa ngelih banget, Dhip?” aloké Simbah.

Dhipta mrèngès konangan Simbahé.

“Niki kok sekulé cemuluk, ta, Mbah?”

“Ya jelas, jaréné wong saiki kuwi sega saka beras organik. Anggoné ngolah uga tanpa mesin, dadiné luwih énak,” jlènrèhé Simbah.

Dhipta, mung manthuk-manthuk. “Nèk ora nganggo mesin, banjur nganggo apa anggoné ngolah? Ah, Simbah ana-ana waé.” Batin atiné Dhipta.

Udakara jam sepuluh, Dhipta pamit arep néng omahé Budi lan Bandi. Bisa dibayangaké kayangapa kagèté Budi lan Bandi ketemu Dhipta. Kanca golék iwak, kanca mlintheng, kanca dolan nèng kali sing wis suwé ora ketemu.

“Waah, ora ngira awake dhéwé bisa ketemu menèh, ya?” celathuné Budi.

“Arep nyekel iwak nèng kali tengah kaé, pa? Mesthiné wis tambah akèh, wong sing gawéané nyekel prèi rong taun,” liriké Bandi marang Dhipta.

“Ya jelas, ta. Arep mangkat kapan iki?” pitakoné Dhipta.

“Saiki ya kena. Tak siap-siap dhisik,” ujaré Budi.

Piranti nyekel iwak wis disiapaké déning Budi lan bandi. Jaring alus, bèsèk, kepis, lan gombal ora kanggo, mbok menawa mengko dibutuhaké.

Tekan sudhètan kali tengah, bocah telu langsung nyemplung. Dhipta gidhuh anggoné arep nyekel iwak.

“Bud, Bud, kuwi kuwi ana iwak apik kuwi warnané abang,” Dhipta nudingi iwak sing ndhelik ing ngisor godhong kluwih sing semampir ing pinggir sudhètan kali tengah.

“Nila paling. Ning kok bisa tekan kènè ya?” kandhané Budi.

“Kèlinan pas udan gedhé ya isa, ta,” wangsulané Bandi.

“Ssst, takcekelé,” Dhipta jumangkah alon arep nyekel iwak kuwi nganggo bèsèk.

Budi karo Bandi njagani supaya iwak gelem mlebu bèsèké Dhipta.

“Yèss, kecekel, kecekel,” Dhipta mbengok seneng.

Ngarepé wayah bedhug bocah telu padha mulih. Iwak sing diéntuki digawa Dhipta kabèh. Jaréné Budi lan Bandi supaya Dhipta seneng, amarga nèng kutha angèl yèn golék uceng.

Wanci sore, Dhipta lan kulawargané lungguhan ing téras. Lik Minah mlebu plataran tumuju téras nyedhaki Simbah.

“Nuwunsèwu, Bu. Menika kula badhé nutu, ananging lumpangipun wonten toyanipun,” palapurané marang Simbah.

“Wéladalah, kok bisa? Banyu apa?” Simbah kagèt.

“Nika, toya wonten ulamipun,” Lik Minah nglirik Dhipta.

“Dhipta...!” Bapak lan ibuné Dhipta nyuwara bebarengan.

“Éh, kok kula?” Dhipta bingung.

“Lé cah bagus, apa kowé ngingu iwak anggonmu golèk karo kancamu mau?” pandanguné Simbah.

“Inggih, Mbah. Kula lebetaken wonten blumbang watu. Mathuk sanget, pas ngaten kanggé ngingu iwak,” sumauré Dhipta polos.

“Kaé udu blumbang watu, Lé, jenengé lumpang. Lumpang ajaib,” Simbah gumujeng. “Kana iwaké dipindhah, lumpangé diresiki, arep dinggo nutu Lik Minah.”

Dhipta nindakaké dhawuhé Simbah. Sawetara iwaké dipindhah ing kolah cilik. Lumpangé disat lan diresiki nganti garing.

“Nah iki sing Simbah ngendikakaké, yen sega kemebul menul-menul sing cemuluk mau, diolah tanpa mesin,” ngerti-ngerti Simbah wis nèng jèjèré Dhipta.

“Lumpang iki lumpang ajaib. Marakaké séhat amarga tanpa kena mesin pabrik, marakaké rukun karo tangga, lan kena dinggo olahraga,” Simbah mèmsem sarèh.

“Lumpang, alu temumpang. Yèn alu wis temumpang ing ndhuwur lumpang tegesé ana pangan. Ana beras kang bisa dimangsak dadi sega, ana tangga kang bisa nyilih nggunakaké.”

“Pundi kula jajalé, Lik,” Dhipta njaluk alu kang dicekel Lik Minah.

Ora let suwé Dhipta wis sambat kesel. Kringeté dlèwèran.

“Lha, rak tenan, ta. Marai séhat wong kaya olahraga. Wis bèn diteruské Lik Minah. Mengko Dhipta gawèkna jenang katul, Nah,” dhawuhé Simbah.

“Jenang katul niku napa, Mbah?” pitakoné Dhipta.

“Jenang saka kulit gabah,” bisiké Simbah.

“Saèstu, Mbah?” Dhipta kagèt sajak ora ngandel.

Dhipta banjur *browsing* bab katul kang dingendikaké Simbah. Akèh informasi kang bisa diwaca. Dhipta rumangsa mongkog isih duwé Simbah kang nglestarèkaké lumpang.

MATERI CRITA CEKAK SMA/K/MA SEDERAJAT

MEGATHRUST

Dening: Bening Christalica Damai Nugraha

Jleguuur...!

Bumi pesisir kidul Ngayogyakarta horeg. Omah-omah ngerit. Sepining ésuk dadi kebak jejeritan lan tangis. Wong-wong padha mlayu, kaya titik-titik ireng ing dhuwur lemah sing lagi njogèt ora karu-karuwan. Wong-wong sing lagi adus padha mlayu mbradhat, nyamber gombal teles kanggo nutupi awak kedher sing blejet tanpa busana.

“Lindhuuu...!”

“Kiamaaat...!”

Ing tangan-tangané sing padha kedher, sawetara hapé tetep murub, ngetik status ana lindhu, pakulinan modhèren kanggo mesthèkaké awaké dhéwé isih eksis ana ing jagad maya, sinambi ngoyak angka skala *Richter* lan mbayangaké ilat tsunami.

“Jaré BMKG lindhuné 6,4 skala *Richter*. Pusaté ana ing segara, 30 km sakidulé Gunungkidul, jeroné 11 kilomèter. *Tidak berpotensi tsunami*,” Aminah macakaké *update* saka HP.

Wong-wong padha mèmsem lega. Srengéngé banjur njedhul, kabèh padha mlebu omah manèh, bali ngrangkul rutinitas, kaya-kaya tatu tilas taun 2006 kepungkur mung crikak sing ora perlu diéling-éling.

Wis telung dina Pak Hèri ora bisa dodolan ès degan sawisé pemda ngetokaké *larangan kunjungan wisatawan*, amarga Segara Kidul lagi mutahaké tumpukan rereged lan éwonan iwak bosok sing kéntir, digawa ombak ing pesisir. Kekadéyan anèh iki kawiwitan sawetara jam, sawisé lindhu limang dina kepungkur.

Pak Hèri mangerti yèn ana sing lagi obah saka dhasaring samodra, embuh ing tengah, ing jero, utawa ing pinggiran. Apa manèh, saben tengah wengi uga keprungu swara kaya tangise wong wadon nggrantes ing ati, tetabuhan gendhing Jawa, saut-sautan karo swara *drum band* saka kadohan.

“Iku abdiné Nyi Roro Kidul sing anyar,” ujaré warga.

“Ssst...! Iku jiwané Arum, anaké wadon Pak Hèri sing klelep ing segara,” rerasané warga liyané.

Nanging, miturut Pak Hèri rasané mokal menawa iku jiwané Arum, senadyan wus patang taun kepungkur, Segara Kidul kanthi wewaler klambi ijo wis nguntal anaké mbarep.

Apa ujaré BMKG bakal dadi kasunyatan? Apa Gusti Allah lagi nyiapaké paukuman kanggo wong-wong ing pesisir? Kamangka, Pak Hèri lan wong-wong mau mung prasaja, ora tau natoni segara.

Banjur, apa bener Gusti duka amarga akeh maksiyat ing pesisir kidul? Pesisir kidul kadhung dicap minangka papan maksiyat, papan wanita wengi njajakaké kringet lan awak ing antarané ambuning segara lan menyan klenik. Nanging pamréntah, wis nyapu citra ala iku, meksa wong-wong mau alih rupa dadi bakul ‘jasa halal’, sinambi nyulap wengi dadi atraksi wisata. Pak Hèri ora percaya yèn nyawa-nyawa ing pesisir bakal dijupuk déning langit minangka paukuman, kamangka ing papan liya, kadurjanan kang luwih gedhé dijaraké lumaku bébas.

“Kula nuwun, Pak Hèri!” swara gerok mecah sepi. Pak Jadi, pinituwa pesisir ngadeg ing ngarep lawang, ditutaké ayang-ayang sawetara warga ing mburiné.

“Seganten nembé duka, hawanipun... hawanipun amis pratandha ala,” ujaré Pak Jadi sawisé lungguh.

“Mangga, Pak. Kita sowan Mbah Bareng sakmenika!”

Mbah Bareng iku priyayi sepuh sing ambegané wis mengkis, nanging piyambaké bisa nembus kandelé sasmita. Ing kéné, Mbah Bareng dadi sesepuhé para pinituwa sing darbé wilayah pesisir.

“Sésuk, sakdurungé srengéngé mlethèk, awakè dhéwé kudu wis sungkem ing ngarsané Kanjeng Ratu Kidul. Kembang setaman, sesajèn, woh-wohan, tumpeng, jajan pasar, krambil ijo, asil panèn, ingkung, lan endhas kebo, kabèh kudu dilarung menyang segara. Mung kanthi cara iku bilahi bisa disuda,” ujaré Mbah Bareng.

Saben tembungé kaya perjuwangan nglawan pati amarga ambegané seseg.

Ing pesisir kidul, ésuk umun-umun, sajèn diklumpukaké, woh-wohan lan palawija ditata ing tambir, jèjèr-jèjèr. Inkung disèlèhaké ing sandhing tumpeng jangkep lan ditata mubeng.

Nalika wong-wong wis padha nglumpuk, Mbah Bareng mimpin donga, nyuwun slamet marang kang Gawé Urip saka kekuwatané segara. Pak Hèri lan Pak Jadi nyèlèh sajèn lan ubarampé ana njeron prau cilik. Endhasé kebo uga disèlèhaké kono. Nanging, gombal mori sing nutupi endhas kuwi mau sumilak kena angin. Matané kebo menthelengi Pak Hèri, kaya-kaya arep nuduhaké wewadi segara kang jero. Kanthi ngati-ati, prau cilik dijorogaké, dilarung menyang tengahing segara. Banyu segara dumadakan surut, wong-wong katon lega.

Wengi sabanjuré, Pak Jadi nyuguhaké kopi panas kanggo wong-wong sing setya nyawang segara.

“Sajèné wis ditampa Kanjeng Ratu,” ujaré Mbah Bareng, mripaté sumunar.

“Leres, Mbah,” semauré Pak Hèri. “Langit dalu menika kebak lintang. Garis cemeng cakrawala lurus bidhang langit, misahaken seganten kaliyan peteng kanthi trep, lan”

Durung nganti tembungé rampung diucapaké, bumi horeg! Obahé banter, kasusul swara jumlegur sora saka segara.

“Lindhuuu...!”

Wong-wong padha njerit, mlayu salang tunjang. Segara Kidul dadi peteng. Banjur keprungu swara gumbrubug kaya éwonan montor mabur sing mabur saya cendhèk. Saka cakrawala, katon ombak ireng mumbul, ngranggèh méga, dadi témbok raseksa sing lumaku kanthi angkuh. Swara sirine mbaung dawa, bengok-bengok sora.

“Mlayu...! Tsunami! Tsunami...!” pambengoké Pak Hèri, sinambi mlayu ngalor.

Warga uga padha mlayu mbradhat ngalor. Sabanjuré kabèh pesisir kidul klelep témbok banyu raseksa sing lumaku banter kaya malaikat pati. Ajur mumur.

Pak Hèri sadhar ing sajroning lelendhut, ing gegeré Pegunungan Sèwu. Dhèwèké mbengok ngundang jeneng-jeneng sing diwanuhi. Nanging sepi. Kampung pesisir iku ilang kaya kauntal bumi. Saka ndhuwur, dhèwèké mandeng ombak segara sing uyak-uyakan, sajak ngécé sangsaraning dharatan. Pak Hèri nyoba gondhélan kayu. Tangané obah, nanging amung kaya nyekel angin, tembus. Dhèwèké nyoba manèh. Tetep ora bisa.

“Apa aku wis mati?” pitakoné marang awaké dhéwé.

Durung ilang rasa bingungé, cahya padhang cumlorot njunjung awaké menyang langit. Pungkasané, Pak Hèri ngerti wangsulan saka pitakoné.

Kapethik saking Antologi “Kembang Api ing Langit Ngayogyakarta” 2026